

Finding the Titanic (author: Robert D. Ballard)

25 Out 1985

Titanik se te pi gwo bato kite ekziste nan lemond nan lane 1912. Li te sanble tankou yon palè ki t ap flote sou dlo. Gen moun ki te di bato sa a p ap janm fè nofrag.

Men nan premye vwayaj Titanik an Avril 1912, li te frape ak yon blòk glas (yo rele Iceberg) nan mitan lannwit epi li te koule nan fon lanmè a. Te gen pi plis ke de mil **pasajè** abò bato a. Anpil ladan yo mouri lè bato a fè nofraj.

Se te toujou rèv mwen pou mwen te jwenn Titanik depi mwen te tou piti. Pèsoun pa janm wè li depi apeprè swasant-kenzan. Yo di li yon kote anba oseyan Atlantik apeprè de mil pye depfondè. Distans sa a twò fon, oken **dayiva** pa ka ale la.

Ruth Becker te gen douz an nan lane 1912 lè Titanik te fè nofraj. Li te rete Ozend ak fanmi li, li te pral nan New York nan Titanik. Kat jou pli ta, Titanik frape blòk glas la. Li te youn nan moun ki te nan bato a. Ruth ak fanmi li te sove paske yo te gen tan monte nan yon **kannòt sovtaj**. Li te obzève lè Titanik la kase an de epi li te fè fon ak rès moun ki pat gen chans pou monte nan kannòt sovtaj yo paske pa te gen ase kannòt pou tout moun ki te nan bato a. Ruth ak fanmi li te **siviv** dezans sa a.



Nan lane 1985, apeprè swasann kenzan depi Titanik te koule, nouvo teknoloji pèmèt Robert Ballard ak ekip li a al chèche **kakas** bato Titanik la.



Ekipaj la te **ekipe** ak wobo yo te rele “Argo” ki gen yon videyo kamera. Te gen anpil labou anba oseyan an ki anpeche yo wè klè nan ekran videyo a. Yo chèche pandan plizyè jou. Yo te menm panse èske bato a te nan fon oseyan an vre. Finalman, Argo jwenn yon **bòylè**. Yo te konn itilize bòylè nan **epòk** sa a pou fè motè bato mache. Yo panse Titanik dwe tou pre a. Videyo Argo a montre kakas Titanik la, Titanik koupe an de mòso anba oseyan an. Ye bese tèt yo pou yon moman silans nan lonè moun ki te mouri abò Titanik la. Rèv Robert te reyalize. Men nan fen vwayaj sa a yo te gen kesyon sa yo: “Kisa andedan bato a sanble? Ki kote blòk glas la te fè twou nan bato a? Ki sa ki gaye arebò kakas la nan fon oseyan an?”

En nan apre, ekip la retounen nan yon **soumaren** yo te rele “Alvin” pou mete de plak sou Titanik la. Youn ladan se an memwa moun ki te mouri yo. Lòt la se te pou mande lòt moun ki vinn vizite Titanik pou pa pran e sòti ak anyen yo wè

Yo te kontan de sa yo te fè a. Yo jwenn bato a e yo te pran anpil bèl foto. Tout moun nan lemon ka vizite kakas Titanik apati foto yo. Y ap panse ak moun ki te vwayaje nan Titanik, ak moun ki te mouri yo e moun ki te **siviv**.

Ruth Becker ak fanmi li te chanse. Ruth te vin yon pwofesè. Li te marye e li te gen twa pitit. Ruth ak lòt moun ki te siviv aksidan sa a pa te vle pale de li. Pitit li yo pa te menm konnen li te arebò Titanik lè li te fè nofraj. Finalman, li te pale de sa nan fen lavi li. Li te gen katreven senk an. Li te wè foto yo. Li te gen katrevendizan lè li te fè premye vwayaj li depi Titanik. Li te mouri nan menm lane a.

Lesson Activity

Connecting to the theme:

Before Reading

Let students know about Journeys. There had been many journeys in History. Like Christopher Columbus' trip to find the new land. He and his entourage discovered the new land. A ship named Titanic hit an iceberg at sea with many passengers onboard. The story is about a group of undersea explorers that went on a journey to locate that ill-fated ship.

About the Author: Robert D. Ballard.

Click on the following link to play a video clip of the Titanic wreck.

<http://www.history.com/content/titanic/titanic-underwater-video>

Comprehension Focus:

- Use graphic organizer (main idea) to demonstrate to students how to use them.
- Relevant details in the story
- Inferences/conclusion

Vocabulary:

- Use graphic organizer (see bilingual website)

Nautical Terms (Kannòt sovtaj; dayiva, soumaren)

Others: Bòylè (yon chodyè chofaj); epòk; siviv;

Supporting Comprehension Questions:




1. Why is it important to the author that people who see the pictures think about the people who sailed on the Titanic? (The human aspect is more important)
2. Why does the author bother to telling about Ruth's life after the disaster? (to show that the survivors had worthwhile lives; to provide closure)
3. Why does the author mentioned "almost seventy five years after" (to remind the reader that the has skipped ahead in time)

4th Grade –Theme 1 - Journeys
Finding The Titanic

Kakas	Pap janm fè nofraj	Vwayaj	Dezas
Kannòt Sovtaj	Dayiva	Bòylè	Nofraj
Blòk Glas (iceberg)	Detrès	Epòk	Siviv
Koule	Pasajè	Soumaren	Wobo

Katriyèm ane - Tèm 1- Journeys

Finding the Titanic



Non _____

Dat _____

Klas _____

Pwofesè _____

1. Ki opinyon otè a exprime nan fen istwa a?

2. Ki kondisyon ki te fè li difisil pou te jwen Titanik?

3. Ki bi prensipal otè a lè li ekri istwa sa a? Itilize detay ak enfòmasyon nan istwa a pou reponn kesyon an.

4. Kijan Argo te ede Ballard ak ekipaj li jwenn Titanik?

5. Pou kisa w panse moun toujou enterese nan istwa Titanik jiskaprezan?
